



Pwogram Asistans Finansye

Kesyon ak Repons ak Enfòmasyon Ou Dwe Konnen

Èske ou ka eksplike pwosesis aplikasyon an?

Wi. Si ou gen nenpòt kesyon konsènan pwosesis la oswa ou bezwen èd pou konprann nenpòt pati nan pwosesis aplikasyon an, tanpri kontakte yon manm ekip Sèvis Kliyan nou an nan (800) 639-2719.

Èske mwen ka jwenn èd pou m ranpli aplikasyon mwen an?

Wi. Tanpri kontakte Sèvis Kliyan nan 847-8000 oswa 1-800-639-2719 si ou gen kesyon, oubyen voye yon imèl ban nou nan CustomerService@UVMHealth.org. Si ou ta renmen pale ak yon Avoka Finansye oswa yon Konseye, w ap jwenn adrès nou yo pi ba a. Anplwaye Pwogram Asistans Sante a disponib tou pou rankontre w pou ranpli aplikasyon an. Tanpri rele yo nan 802-847-6984 pou pran yon randevou.

Central Vermont Medical Center

Defans Finansye
3 Home Farm Way
Montpelier, VT 05602
(802) 371-4600 Option 1

Porter Medical Center

Konsèy Finansye
23 Pond Lane
Middlebury, VT 05753
(802) 388-8808

University of Vermont Medical Center

Defans Finansye
111 Colchester Ave
Burlington, VT 05401
Main Campus, ACC Registration
(802) 847-1122

Si yon kesyon oswa yon seksyon pa konsène m, èske li ka rete vid?

Non. Nou bezwen yon aplikasyon konplè lè w ap aplike pou asistans finansye. Si yon seksyon oswa yon kesyon pa aplikab, ekri N/A pou pa aplikab.

Si m pa gen tout dokiman yo mande yo. Èske m ka voye sa m genyen yo?

Non. Ou dwe retounen yon aplikasyon konplè ak tout dokiman ki nesesè yo, sinon y ap refize aplikasyon an jiskaske ou soumèt dokiman jistifikatif sa yo. Si ou gen yon kesyon sou yon dokiman espesifik, tanpri rele depatman sèvis kliyan nou an nan (800) 639 2719, ka gen yon lòt dokiman ki ka ranplase l.

Mwen pa sèten si mwen kalifye pou Medicaid, NY Family Health Plus oswa yon lòt pwogram asirans Eta finanse, èske nou ka ede m detèmine si mwen kalifye?

Wi, tanpri kontakte avoka finansye nou yo oswa konseye nou yo nan òganizasyon lopital ki apwopriye a pi wo a pou pwograme yon reyinyon oswa yon depistaj si sa nesesè.

Kisa mwen ka soumèt kòm prèv revni:

Dènye deklarasyon taks sou revni federal ou a se dokiman prèv revni ou prefere a. Ou ka soumèt fichye pèman, dokiman asistans piblik, deklarasyon pwofi ak pèt, lèt verifikasyon avantaj, lèt ki soti nan men anplwayè w la, kontra travayè migran yo, oswa Klinik Pòt Louvri (Open-Door Clinic) a, elatriye.

Mwen te voye fòmilè W2 mwen yo, epi mwen te voye aplikasyon mwen an tounen ban mwen kote yo te mande m deklarasyon taks federal mwen an. Poukisa?

Gen yon diferans ant fòmilè W-2 ou yo ak deklarasyon taks federal ou a. Yon fòmilè W-2 se sèlman yon deklarasyon sou salè ou touche nan men yon patwon espesifik. Deklarasyon taks federal ou a se yon anrejistremant konplè sou revni total ou. Nou bezwen prèv revni epi nou prefere yon kopi Deklarasyon Taks Federal Konplè ou a, men, ou ka soumèt yon dokiman ranplasan akseptab (gade pi wo a). Ou pa ka itilize fòmilè W-2 yo kòm yon ranplasman. Si ou pa gen yon kopi deklarasyon taks federal ou a, kontakte Sèvis Revni Entèn (IRS) nan 1-800-908-9946 epi mande yon transkripsyon deklarasyon taks ou a gratis oswa vizite www.irs.gov/Individuals/Get-transcript

Ki ane deklarasyon taks federal mwen an pou m voye?

Bay dènye ane deklarasyon taks la - aprè 15 avril.

Kisa yon lèt verifikasyon avantaj ye?

Si w ap resevwa avantaj sekirite sosyal (SSI), sa a se lèt anyèl sekirite sosyal voye ba ou pou fè w konnen avantaj ou kalifye pou yo chak mwa. Pou rezon verifikasyon, n ap aksepte yon kopi lèt ki bay avantaj la. Pou jwenn yon kopi Lèt Verifikasyon Avantaj ou a, vizite www.ssa.gov/myaccount/

Patwon mwen an pa bay fichye pèman, kisa pou m fè?

Nou rekòmande pou soumèt yon kopi dènye deklarasyon taks sou revni w la. Si sa pa disponib, gen lòt dokiman ou ka soumèt, tanpri gade pi wo a oswa al gade lis verifikasyon dokiman ki sou aplikasyon an. Tanpri sonje, si ou marye oswa ou gen yon patnè w ap viv nan kay ak li, verifikasyon yo obligatwa tou. Pou travayè migran yo, yon kopi kontra w la oswa yon lèt patwon w lan ba w akseptab.

Mwen pa ranpli yon rapò pwofi ak pèt (P&L) chak twa mwa pou biznis mwen an. Èske mwen ka jis voye deklarasyon taks federal aktyèl mwen an?

Wi, men, olye de deklarasyon taks sou revni federal ou a, P&L ou a se yon dokiman altènatif akseptab pou verifikasyon revni.

Ki dire kouvèti Asistans Finansye a?

Yo ap endike dire kouvèti ou an nan lèt sibvansyon ou an. Li ka valab jiska sis mwa, pandan douz mwa si ou andikape, ou gen 65 lane oswa plis epi ou pran retrèt oubyen nan ka yon sibvansyon katastwofik, li ka valab pou yon evènman swen sèlman. Si revni ou endike ou ka kalifye pou Medicaid, NY Family Health Plus oswa yon lòt pwogram asirans Eta a finanse, w ap oblije aplike pou Medicaid si ou satisfè kondisyon kalifikasyon yo.

Remak: Si ou se yon imigran san papyè, ou pa oblije aplike pou Medicaid.

Anplis de sa, pa gen okenn pasyan ki pral oblije achte yon plan asirans medikal prive pou kalifye pou pwogram asistans finansye nou an.

Lèt apwobasyon ou an ap endike peryòd kouvèti a.

Konbyen fwa mwen bezwen fè yon nouvo aplikasyon pou Asistans Finansye?

Asistans Finansye se yon pwogram pou pasyan k ap fè fas ak difikilte finansye epi ou ta dwe aplike pou li sèlman si ou gen bòdwo medikal ou pa ka peye ak UVMHN. Ou ka aplike nenpòt ki lè si ou gen balans ou pa kapab peye, si ou prevwa yon kont asirans ki annatant kounye a ap kite yon balans oswa si ou prevwa yon sèvis medikal ki pwograme nan lavni ap kite yon balans pou ou.

Kijan m ka verifye estati aplikasyon m lan?

Nou trete aplikasyon yo nan espas 30 jou aprè nou fin resevwa yo epi n ap voye yon lèt konfimasyon ba ou lè nou pran yon desizyon final. Si ou pa jwenn nouvèl nou nan espas 30 jou, tanpri rele depatman sèvis kliyan nou an nan (802) 847 800 oswa (800) 639-2719.

Kijan m ap fè konnen si aplikasyon m nan te apwouve?

Si nou bezwen plis enfòmasyon, n ap rele w oswa n ap voye yon imèl ba ou pou nou mande w enfòmasyon ki manke yo. Lè aplikasyon an konplè, n ap fè w konnen desizyon final la nan espas 30 jou. Si yo apwouve l, lèt la ap gen ladan l rabè yo bay la, si yo refize l, y ap eksplike rezon refi a nan lèt la. Si yo apwouve l, rabè yo ap aplike sou tout balans kalifye yo pandan peryòd kouvèti w lan, bòdwo aktyèl ak bòdwo ki pral vini yo. Rabè a ap vizib sou pwochen deklarasyon bòdwo ou yo.

Poukisa asistans finansye pa kouvri bòdwo doktè mwen an?

Asistans finansye kouvri tout sèvis kalifye lopital la faktire yo, men, se pa tout founisè k ap bay swen nan UVMHN ki anplwaye pou lopital la oswa sistèm sante a.

Nou faktire epi nou finansyèman responsab doktè UVMHN anplwaye yo. Doktè nan pratik prive yo endepandan epi yo faktire pou sèvis pwofesyonèl yo atravè pratik yo a.

Pa egzanp, yon doktè endepandan ka fè yon pwosedi chirijikal nan sal operasyon UVMHN nan, sa ap bay de bòdwo: youn pou pwosedi lopital la ak youn pou swen doktè a. Si doktè a anplwaye pou UVMHN, tou de bòdwo yo ap kalifye pou asistans finansye. Si doktè a travay poukont li, w ap resevwa yon fakti nan men UVMHN pou pwosedi a ak yon fakti nan men doktè a. Se sèlman bòdwo UVMHN nan ki kalifye pou asistans. Nou sèlman ofri asistans pou sèvis nou faktire.